

Aplike nan lekòl presegondè (Epi soumèt nenpòt odisyon) avan 1ye mas!

Chè fanmi,

Sa a se yon rapèl amyab pou aplike nan lekòl presegondè avan **1ye mas 2022**. Lè w voye aplikasyon pitit ou a nan dat limit la se pi bon chans ou genyen pou jwenn yon òf nan yon pwogram ou chwazi!

- **Ou deja aplike?** Anfòm—Ou fini!
- **Ou poko aplike?** Menm si w poko fin konnen ki plan ou genyen pou Otòn lan, sa p ap deranje si w aplike kounye a.

KÒMAN POU APLIKE

1. Konekte nan kont [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) ou pou eksplòre opsyon pitit ou a genyen pou lekòl presegondè.
2. Ajoute jiska 12 chwa pwogram nan aplikasyon w lan. Mete chwa yo nan vrè lòd preferans ou, kote w ap mete pwogram ou pi renmen an kòm #1. Pa gen pi bon estrateji.
3. Aplike nan youn nan fason sa yo:
 - **Sou entènèt nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)** —Nou rekòmande sa a!
 - Atravè konseye lekòl pitit ou a ye kounye a. (pou fanmi lekòl leta DOE oswa lekòl charter) oswa nan yon [Sant byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center\)](#) (pou fanmi lekòl prive oswa lekòl pawasyal)

OU ENTERESE NAN PWOGRAM ODISYON?

Kèk pwogram art mande aplikan pou voye yon odisyon vityèl avan 1ye mas. Apati semèn sa a, elèv ki enterese yo ka remèt dosye odisyon yo sou entènèt, dirèkteman atravè kont MySchools ou a. Jwenn plis enfòmasyon pou prepare odisyon pou pwogram espesifik nan schools.nyc.gov/MSAuditions.

JWENN PLIS ENFÒMASYON

- Ale nan schools.nyc.gov/Middle
- Gade videyo eksplikasyon sou kòman pou [kreye yon kont MySchools](#) ak [aplike nan lekòl presegondè](#)
- **Ou gen kesyon?** Pale avèk konseye lekòl pitit ou a, jwenn sipò nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#), oswa rele 718-935-2009

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. **Si w vle retire non w sou lis** mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike [la a](#).